

ZVEKUNAMATA ZUVA NEZUVA

CHINYORWA

3

Nyamavhuvhu

2022

Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA

MAHARA
KWETE KUTENGESWA

IRI BHUKU RATO BHADHARIRWA
NEVATAKABATANA MAMO SAKA
RINOOGONA KUGOVERWA KWEMAHARA

EMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAU DZAKANAKA** DZINOBYA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL



UEBERT & BEBE ANGEL

With years of full-time ministry behind them, Uebert and BeBe Angel are pioneering and leading voices in proclaiming the Good News of God's grace (Euaggelion) and the prophetic around the world. Between them, they are best-selling authors of *Spiritual Warfare*, *Intimacy*, *Prayer Banks*, *Supernatural Power of The Believer*, etc. Uebert and BeBe Angel are internationally sought-after conference speakers and as global leaders, they are highly regarded for their vision, innovation and boldness. As the founders of the Good News Church (Spirit Embassy), and holding the office of the prophet they have impacted millions of lives worldwide through their passion to win souls by bringing the revelation of the Good News of God's grace (Euaggelion).



Become a **GoodNewsWorld** PARTNER



PARTNER NOW AND HELP SPREAD
THE **GOODNEWS** AROUND THE WORLD

VISIT www.goodnewsworld.com/partner

**VaFiri 1:7 (KJV)**

Sezvazvakanaka kwandiri kuti ndifunge saizvozvo pamsoro penyu mose nokuti pakusungwa kwangu napakutavirira nokusimbisa Evangeri imi makagoverwa nyasha pamwechete neni.

Nguva yatirikurarama tiri mazuva ano, inguva inonakidza zvikuru. Mwari varikuita minana isingaverengeke uye nyasha dzavo dzakawandisisa! Wakapihwa nzira yakapfupika yekuti uwanenayo munana wako, mari yako nekubatika kwezvivimbiso zvakaitwa naMwari pamusoro pehupemu hwako. MuApostora Pawuro aiudza kereke yeFiri kuti yaiwanawo nyasha dzakange dziri pari. Ongorora kuti haana kuti vaiwana nyasha dzaMwari asi kuti dzake iye mbune. Izvi zvinoreva kuti unogona kutora nyasha dzinenge dzichishanda pane mumwewo munhu wodziitawo dzako.

Kune vanhurume nevanhukadzi vaMwari vazere nyasha dzaMwari muhupenyu hwavo. Ukabatana nemunhu anenyasha dzakadaro wozvininipisa uri pasi pake, nyasha dziri paari dzinobva dzaitawo dzako, Hausi kungwana tudonhwe twenyasha kwete asi kuti unenge uchidyidzana nadzo. Zvinoreva kuti urikuwanawo zvirikuwanikwa nevanhu vaMwari ava zvekutoti zvese zvakanaka zvinenge zvichiitika muhupetyu hwavo, newe unenge uchizviwanawo., zvinenge zvchiitika kwavari zvichitikawo kwauri. Pavanofamba newe unofambawo. Pavanosimudzirwa newe unosimudzirwawo. Pavanosimukira munyika yevasingaparare newe unosimudzirwawo, woziva kuti urikuwaniswawo nyasha dzekusimudzirwa semunhu wepamweya. Kana munhu wako waMwari achitatarika, iwe ramba kutatarika! Urimumubataniidzwa wenyasha! Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Zvese zvakanakundwa nemunhu wangu waMwari neniwo ndakazvikundawo! Kana mari yave kuuya kwaari mari inouyawa kwandiri. Paanotenga zvivakwa nemidziyo neniwo ndinotenga. Paanokwirira munyika yemweya neni ndinosimudzirwawo. Nyasha dzavo ndedzanguwo nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Johane 1:16

**VaHeberu 12:22 (KJV)**

Asi imi makaswedera kugomo reZioni, nokuguta raMwari mupenyu Jerusarema riri kudenga nokumazana nemazana evatumwa vasingaverengwi,

Urimunhuwemweya arikurarama panyama. Zvisineyi zvinoitika pano panyika hazvina simba rekumisa zvauri. Pawakaberekwa nedenga, nekwaunogara kwakabva kwashandurwa. Wakabva wabviswa panyika ukanogariswa kunyika yemweya, uye wave kugara kuhushe hwaMwari muguta rinonzi Ziyoni. Ichi ndicho chokwadi. Chave kungodiwa ndechekuti ugare uchirangarira kuti uri ani.

Hupenyu hwako hwese waingoudzwa uti unobva kunyika yakati, izvozvakaite kuti ufunge kuti uriwepanyama iwe usiri wayo. Urimugari weguta reZiyoni, guta raMwari mupenyu. Hareruyah. Izvezvi wakatokomberedzwa nevatumwa vasingaverengee. Unogara kunogara Mwari!

Hareruyah! Ndinokukurudzira kuti mazuva ese urangarire kuti unogara muguta reZiyoni, uye kuti urikurarama uchiona minana irikuitika kumusha wako wechokwadi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chisikwa chine njodzi chinorarama nekushanda munyika mbiri. Handisi munhuwozvake uye mugore rino rekuitika kweminana isingaverengeke, maziso angu avhurika kuti ndinakidzwe nezviri kuitika muguta reZiyoni!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 87:5-6; VaKorose 1:12-13

**Mateo 26:40-41**

Akaenda kuvadzidzi akavawana vavata, akati kuna Petro makanga musin-gagoni Seiko kurinda neni nguva imwe chete? Rindai munyengeterere kuti murege kupinda mukuidzwa, mweya unoda hawo asi nyama haina simba.

Pamumwe musangano wandakaita nalshe, ndakararatidzwa vamwe vakuru vekutenda vanoti, Smith Wigglesworth, Maria Woodworth Etta, Kathryn Kuhlman, Kenneth Hagin, nevamwe. Ishe vakandibvunza kuti, “Unodakufanana neupi wacho?” Ndokubva ndati, “Ndodakuva mubatanidzwa wavo vese!” Ishe vakandipa mhinduro inokatyamadza nekuti vakanditi ingozvifunga uzvione uchiita kamunamato kadiki diki.” Izvi zvakandishamisa nekuti panguva iyoyo ndainamata kwema awa manomwe pazuva. Unoona, simba remuKristu riri pakunamata. Kana urimunhu anogara achinamata unowanika wavekusimudzira kudyidzana

kwako nababa vako vekudenga uye kuti mweya wako ushande sewaMwari.

Jesu akashamisika apo akawanikidza vadzidzi vake vasiri kunamata uye vasinakurindira kwe awa rimwe chete. Izvi zvinotiratidza kuti awa ndiro rinodiwa pakunamata zvichienda mberi! Unofanirwa kuwana nguva yakawanda uchinamata. Tangira pauri ipapo kunamata. Ukatarisa pamasaisai eYouTube aUebert Angel unowana paine zvirongwa zviripo zvinoubatsira pakusimudzira hupenyu hwako hwekunamata. Tevedzera minamato inenge ichiitwa ipapo, nekuimba nziyo dzi noiswa ipapo, unoona kuti pekutanga unonamata kwemaminutes gumi nemashanu kana kuti makumi matatu. Ukaramba uchidaro unozoona aika wavekunamata kwe awa, wozoonazve wavekudarika nguva iyi uchingowedzera . Paurikuenderera mberi nenzira iyi unozoona kuti unopedzisira wave nyanzvi yekunamata.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu hwekunamata hunoshamisa zvikuru! Pandinenge ndichinamata mweya wangu unenge uchinzwa zvinenge zvichitaurwa naMwari. Ndirikukura mukuwadzana kwangu naMwari, ndichizviisa panzvimbo yekuti nditaure kuda kwavo nekuitawo zvavanoda. Maita henyu Ishe!

MAVHESI EKUVERENGA : VaFiripi 2:13



2 VaKorinde 8:9 (KJV)

Nokuti munoziva nyasha dzaishe wedu Jesu Kristu kuti kunyangwe akange akapfuma, wakava murombo niou-da kwenyu kuti imi nourombo hwake muve vapfumi

Tave nenguva yakareba tichitema chirevo chekuti, "Mari irikuuya!" . Ichokwadi ichocho kuti mari iri kuuya. Asi wakawana here nguva yekumbofunga kuti ana mari iyi yauya uchaitei nayo? Mwari vanodisisa kuti upfume, kwete zvekungonyora pamusoro pazvo asi kuti uve nemari yakawanda! Ichi ndicho chokwadi chiri mushoko raMwari. Unofanirwa kuti utende kuitira kuti hupfumi huuye kwauri. Pauenge uchiti mari iri kuuya unenge usingangotaura chete asikuti unenge uchitotema chirevo chezvinenge zvichiitika.

Mari iriuya, uye imari ine basa rairikku-fanirwa uuya kuzoita. Kuva nedzimba nemotoari zvepamusoro kwakanaka. Asi

unofanirwa unzwisisa kuti mari irikuuya kwauri yakawanda ii ine basa rekuita pakushumirwa kweshoko rehusha hwedenga. Kuwanda kwemari muhupenyu hwako hakufanire kukonzereswa kuti utadze kuita basa raMwari. Saka paurikutema chirevo chekuti mari yauya, chimbofunga uone ichisvika kwauri. Ione ichipinda mubhanga rako ichiiswa mumaoko ako imwe ari ma-contract nematenda ekuita basa. Chizviona uchishandisa mari yacho kuitisa nayo basa raMwari. Paurikudaro unenge uchitosimbisa kutenda kwako kuburikidza nekushandisa kwaunenge uchiita ziso rako remweya pakutsvaga nekuwana kuda waMwari avo vanoda kuti ushandise zvauchawana zvichifashukira muhupenyu hwako kuti zviratidze kubwinya kwavo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mweya mutsvene arikumutsa mweya wangu kuti ukwanise kuwana pfuma yakawanda. Handishaye mbeu nekuti ndiri munhu akazvipira kupa kubasa raMwari! Ndinopa mari yangu kuhusha hwaMwari, uye kuburikidza nehupfumi hwangu maguta aMwari achawanda munyika Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

Duteronomi 8:18

**Johane 4:38 (KJV)**

Ndakakutumai kunocheka zvamusakabatira, vamwe vakabata, zvino imi mapinda panezvakabatira ivo.

Mukristu wese anebasa raainaro rekutendeutsa vakarasika. Sevamiriri vehushe hwaMwari panerino pasi, tinebasa rakakudzwa rekushumira pamusoro penhau dzakanaka dzalshe Jesu Kristu kunevamwe. Asi vamwe vatendi havadi kuita basa iri nekuti vakaudzwa manyepo ekuti kutendeutsa vanhu kunonetsa. Vanofunga kuti kune zvimwe zvitendero nenzvimbo dzisingabvume kutendeuka, uye vakanzwa vara rekuti kukunda vanofunga kuti kutendeutsa vakarasika ibasa rakaoma. Rega ndikuudze nditi kutendeutsa vakarasika ibasa rakareruka harinetse!

Rute akange apihwa basa rekushanda mumunda maBhowazi asi basa rake rakange riri rekudyorera zvakange zvasara mumunda, mushure mekunge vakohwi

vapedza kukohwa. Ndizvo zvimwe chete nekutendeutsa vanhu, Mwari ndiye Ishe wedu, Mambo nemuridzi wegoho. Vakatogadzira kare munda vakaurima. Gadziro yekuti goho richiunganidzwa yakatoitwa kare. Chasara chete ndechekuti iwe ukohwe munda wacho. Kukohwa mumunda washe kwakareruka nekuti basa rese rakatoitwa kare, chako kungounganidza goho iri chete. Saka chitotanga kuita basa rekutendeutsa vakarasika waveneruzivo rwezvandakuudza, uchaona kuti Mwari vakatoita basa kare uyekuti vakariita nemazvo!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuita basa rangu rekutendeutsa vakarasika zvakanaka! Hakuna nzvimbo inondinetsa kana yakandiomera kuenda kwairi kana ndavekuita basa rangu. Kwese kwandinoenda vanhu vanotendeuka nekuti ibasa rakandirerukira kuita!

MAVHESI EKUVERENGA

Ruth 2:1-23

**MHARE INOTYISA****Jeremiah 20:11 (KJV)****Asi Jehovha uneni semhare inotyisa**

Kwakange kuine mutambi wetsiva aikwikwidza mumutambo we WWE ne Hall of Fame akange aine mukurumbira mukuru ainzi George 'Mhuka' Steele. Aityisa kutarisa arimurefu aine mazivhudzi akange akazara muviri wake wese. Aiita kunge munhu anogara musango uye aiti kana akaburitsa rurimi rwake kunze rwakange rwuine ruvara rwumbishi otanga kuruma ruma mabhandi ake achiadambura nemazino izvo zvaityisa nekukatyamadza avo vaainge achirwisana navo zvekuti aivakunda mumutambo uyu pasina kana nguva yakareba watanga kuitwa.

Zvinotyisa kunge uchirwisana nemunhu anenge George 'Mhuka' Steele. Asi mamiro ezvinhu anoshanduka kana uchinge uine munhu anotyisa zvakadaro arikudivi rwako. Mwari vanotsanangurwa

semhare inotyisa. Vanesimba raawandisa uye Havana nhoroono yekukundikana pese pavanorwa. Imhare inotyisa muvengi, uye ndivo Mwari vauinavo mugore rino reuitika weminana isingaverengeke, anenge angokudenha chete anenge adenha mhare inotyisa iyi. Munhu kana chinhu chinoda kukurwisa chinenge chichi rwisana naMwari uyo anokutsigira. Unokunda chete iweed!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Uyo anova mhare inotyisa ariurutivi rwangu. Saka ndinoramba kutya. Mwari aneni sehondo isati yambokundwa uye ndinounda pachero chipi chandinosingana nacho. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 13:5-6



Muprofita Jeremiya 1:4-5

Zvino shoko raJehovha rakauya kwandiri richiti, Ndakakuziva ndisati ndakuumba mudumbu raamai, ndakakuita mutsvene usati wabuda muchizvaro chaami ndikaugadza kuti uve muprofita wamarudzi avanhu.

Mwari vanokuziva. Nyaya iri apa ndeyekuti vakatanga ivo kukuziva baba vako na amai vako vasati vasangana. Kuva kwako panyika hakuna kutangira pawakauya panerino pasi sekacheche. Mwari vakange vakuziva kare zvisati zvai-fika. Vakatombowadzana newe usati wauya panerino pasi. Ndosaka wakakosha. Zvisineyiwo nemamiriro akaita zvinhu, hapana chakapotseka kana kukanganisika pakuberekwa kwako. Wakaunzwa pano paine chikonzero, uye izvi zvakaifirwa chikonzero.

Bhaibheri rinotaura muna Jeremiya 1:5 kuti usati wazvarwa ,Mwari vakakuita mutsvene. Zvichireva kuti vakakupatsanura kubva kunyika kuitira kuti ugopihwa chiremerera waitwa mutsvene. Mwari vakakuita mutsvene, uye vakakudaidza, zvichireva kuti unebasa rawakapihwa naMwari, rekuita kuda wavo pane rino pasi. Hapaa nyembe dzaunofanirwa kunge uinadzo kuti uite basa iri. Chako iwe kungoita basa rawakapihwa naiye akakudaidza.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisi munhuwozvake! Ndakatumwa pane rino pasi ndikapatsanurwa kuti ndizadzikise kuda kwaiye akandisika nemufananidzo wake. Handisi munhu uye ndakadarika vakuru. Ndiri mwari!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 82:6; Johane 10:34-35

**VaHeberu 10:16 (KJV)**

Iyi ndiyo sungano yandakaita navo, Ndizvo zvinotaura Ishe, Ndichaisa mirayiro yangu pamwoyo yavo nokuinyora paufunga kwavo;

Kereke iri kusangana nedambudziko gurupainoda kuteerera nekutevedzera mirairo yaMwari. Rega nditsanamgure ndichitipane musiyano wakakura pakati pekutevedzera chiKristu netsika dzemu nyika. Tsika dzechitendero dzinoedza kufadza Mwari kuburikidza nekutevedzera zvinodiwa naMwari uye chiKristu kufadza Mwari nekuteerera neutevedzera Kristu. Idzi ndidzo nyasha dzaMwari uye hadziwanike uzvitendero zvinotevedzera tsika. Kuwanirwa nyasha kunzwisisa kuzvipira kwakaita Jesu Kristu pamuchinjikwa uko kwaagadzirisa huama hwako naMwari, kwete kuteerera kwako mirayiro yaMwari. Jesu akakuitira zvese uye hapana chaunofanirwa uti uite uti uwane nyasha dzaMwari dzichiushandira muhupenyu

hwako.

Zimwe zvitendero zvinoedza nepese pazvinogona kuti zvishandure tsika nemagariro evanhu. Ndosaka zviine mitemo yakawanda yazvinotema kuti itevedzerwe nevanozvitevera. Asi chiKristu chiri maererano neushandurwa kwemwoyo wemunhu naKristu. Ndosaka pasi pechibvumirano chitsva chakaunzwa naKristu vatendi vasingateerere. Tine chinhu chikuru chakapfura kuteerera, nekuti tinorarama tiri shoko raMwari. Ndirikuti ndiwe wave temberi raMwari uye mirayiro ya Mwari yakanyorwa pamwoyo wako. Bhaibheri rinoti 'maari tinogara, maari tinofamba nekurarama maari' (Mabasa AvaApatora 17:28, KJV). Unofamba maari iye achifambawo mauri, . Haufanirwe kuti unyengetedze Mwari nekuti akatofadzwa kare! Saka iwe chitarira kuhupenyu hwedenga hwaunahwo pane kuona mabasa enyama, nekuti hupenyu hwako hwaatogadzikana muna Mwari. Mbiri ngaiende kuna Mwari!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chisikwa chenyasha dzaMwari dzinoshamisa. Ndinodiwa uye ndakagamuchirwa naMwari. Hupenyu hwangu hunoratidza huvepopamwe chete hwangu naMwar, uye vanofara neni.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 8:1

**VaKorose 1:12 (KJV)**

Muvonge baba vakatikwanisa kuti tiwane nhaka yavatsvene muchiyedza

Vazhinji vanoti mumwe mukuru wekutenenda anonzi Watchman Nee mutungamiri anembiri wechitendero chechiristu, uye aifunga zvakaipozva achinyora mabhuku nehunyanzvi hukuru. Akanyora mabhuku akawanda ayo akange aine zvizaruro zvinoshamisira, asi pangu va yaakanyora mabhuku aya akange avanemaore mata-tu atendeuka kuva muKristu.

Ana pave kutariswa hukuru hwevatsvene, hakuverengwe pamore ekuberewa wavo kwete asi uti unongoverengwa nguva yavanenge vagara ubva pazuva rekupa kwavo hupenyu hwavo kuna Jesu Kristu. Mumwe munhu anogona kunge aine makore makumi matanhatu ekuberekwa, aine gore rimwe chete apa hupenyu hwake una ristu. Iwe unogona kunge uri wechidiki asi wave nemakore

mashanu wapa hupenyu hwako kuna Kristu. Ana Mwari vachitarisa iwe ndiwe unenge uri mukuru pakuberekwa.

Muguta reZiyoni maore emunhu euberekwa kwake haaverengwe kuchitariswa chiyedza chinenge chiri maari asi kunokosheswa nguva yaunotora uchinamata uchisimbisa hukama hwako naKristu. Kutora nguva yako uchiverenga shoko raMwari uchinamata nekusimbisa hukama hwako naMwari zvinoita kuti usiyane nevamwe munyika yemweya. Kunyika yeZiyoni vakuru vehutsvene vanoonekwa nechiyedza chinobuda kubva mavari. Ramba kuramba urikacheche pamweya. Paurikuwana nguva uripamberi pechiso chaMwari uchiverenga shoko ravo nekunamata, urikushanduka uchiva chiyedza chakakura munyika yemweya.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mugore rino rekuifika kweminana nezvishamiso zvisingavereengeke ndirikusimbisa hukama hwangu naMwari. Nzara yandiinayo yeshoko raMwari haipere, uye ndirikuwana zvichindiitira nyore kuti ndinamate sekufema!

MAVHESI EKVVERENGA

Mapisarema 119:130

**VaEfeso 4:1 (KJV)**

Naizvozvo inimusungwa munaShe, ndinokumbira zvikuru kufi mufambe zvakafanira, kudawwa kwamaadanwa nako,

Pawakazvarwa patsva, ndiri kureva kuberekwa kwako ne denga – wakabva wava nhengo yekereke, muviri waKristu. Izvi zvinoreva kufi une basa rakawanda kudaria kungova munhu anoenda kunopinda kereke. Vara rekuti kereke rinobva muvara rechi Giriki rinonzi 'eklesia'. Vaparidzi vaawanda nevarairidzi veshoko raMwari vanoti vara iri rekuti eklesia rinorevam vanhu vakadaidzwa, asi harinyatsotsanangura zvauri.

'Ekklesia' mubatanidzwa we vara rinonzi 'ek' na 'kaléo'. Rinotsanangura vanhu vaviri vezvematongerwo enyika avo vanenge vasarudzwa kufi vateme mutemo munzvimbo inenge ichifanirwa kunzi itevedzwe nevagari venzvimbo. Waka-

daidzwa kunzi uve munhu anopidigura zvmatongerwo enyika. Kana ndichiti matongerwo enyika ndiri kutaura pamusoro pezvekuita nehurumende kana kufi magariro eruzhinji. Iye zvino kwave kudiwa kufi vatendi avo vaneshokoraMwari mavari vave ndivo vanotora zvigaro munzvimbo dzematongerwo enyika. Asi kana usingade kupinda mune zvmatongerwo enyika hazvireve kufi nyasha dzaMwari dziri pamusoro pako kufi dzinoderedzwa dzekuti ukwanisewo kuva nechekuita nekushandura mamiriro ezvmatongerwo enyika. Pindirawo munhau dzine zvekuita nemasangano evagari venzvimbo yaunogara. Wanawo chekuita kuchikoro chemwana wako. Ita kufi izwi rako rinzwike!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakazodzwa uye ndakapihwa basa rekuisawo mitemo inotevedzerwa nevanhu nekupidigura mafungiro avanoita. Mashoo angu anesimba uye izwi rangu rinonzwikwa munzvimbo dzandinotonga.

MAVHESI EKUVERENGA

Muparidzi 8:4; Zvakazarurwa 1:5-6

**Jobho 9:10 (KJV)**

Iye unoita zvinhu zvikuru zvisinganzverwi, izvo zvinhu zvinoshamisa zvisingagani kuverengwa.

Gore rino rese tiri kungotaura kuti igore rekuitika kweminana isingaverengeke! Isu sekereke tine vanhu vakawanda varikupupura pamusoro pekuitika kweminana isinganzwisike muhupenyu hwavo. Usafunge kuti minana yaadai inongoitika kuvanhu vashoma vakkangosarudzwa naMwari, nekuti Mwari vane chido chekuti newewo uitike minana isingaverengeke muhupenyu hwako iro gore rino. Kana wakazvigadzirira uti uiwanewo minana iyi, ivo Mwari vakatogadzirirawo kuti iitite muhupenyu hwako yakawanda. Dzimwe dzenzira dzinoita kuti tarisiro yako isimukire pakuti minana iyi iitike, kuverenga nekunzvisisa zvakanyorwa mubhaibheri parinotaura pamusoro pekuitika kweminana.

Kana tikada kuongorora kuti vara rekuti zvishamiso rinorevei, unoona kuti rinoreva zvinhu zvisingaitike, zvinokatyamadza, zvinhu zvisingaitike izvo zvinonzi much Heberu 'pala'. Zvirikuda kuitwa naMwari muhupenyu hwako hazvitsanangurike, – minana chaiyo! Zvinoreva kuti kana paine zvauri kuda kuti Mwari vakuitire gore rino kana ukakwanisa kuzvinyora kana kuzvitsanangura unenge usiri munana. Patava kunopedzisa chikamu chekupedzisira chegore rino, uchaona kuchitika minana muhupenyu hwako inobva kuna Mwari iyo ichakusiya wakabata muromo nekushamaisika uye uchidzungudza musoro wako. Gore rino harisi kuzopera usina kupupura pamusoro pezvaunenge waitirwa naMwari. Gadzirira kupupura!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotema chirevo chekuona minana muhutano hwangu, minana kumara dzangu, minana mubhizimusi rangu, minana kuhushumiri hwangu, minana mumhuri yangu uye minana mukutendeutsa vakarasika! Hupenyu hwangu chimwe chezvishamiso zvisingaverengeke nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfeso 3:20

**Johane 5:26 (NKJV)**

Nokuti baba sezvavanohupenyu mavari saizvozvowo vakapa Mwana-komana kuti ave nohupanyu maari

Huvepo hwaMwari hunopa hupenyu. Mosesi akagara kwenguva yakareba ari muhovepo hwaMwari zvekuti muviri hauna kuparadzwa. Pane imwe nguva apo Mosesi akadzika kubva mugomo mushure mekunge apedza makzuva mana nehushiku makumi mana arimuhovepo hwaMwari uye bhaibheri rinotsanangura muna Ekisodo 34 kuti huso hwake hwaipenya. Akange ahandurwa nekuva muhovepo hwaMwari zvekuti paakange ave nemaore zana nemakumi maviri akange aine hutano uye akasimba setsvimborume. Akange akasimba zvekukwanisa kukwira gomo re Nebo, iro rakareba mamita chiuru nemazana maviri kubva pagungwa reDead Sea. Maziso ake ainyatsoona uye ainyatsoona nzvimbo dzese dzenyika yechipikirwa uo kwaienda vana valsraeri.

Mosesi haana kuwana mukana wekuva nehovepo hwaMwari mukati make sesu Asi huvepo hwaMwari hwaiva munzvimbo dzese dzemuviri wake. Akange arimutano zvekuti Mwari ndivo vakatozomuudza kuti afe, sezvo aigona uramba achirarama. Iwe unezvauinazvo zvemhando yepamusoro kudarika zvakange zviina Mosesi. Une huvepo hwaMwari mauri, iye anopa hupenyu kuchinhu chese chipenyu! Kuva nehovepo hwaMwari mauri zvinoreva kuti simba rina Mwari rekuraramisa zvinhu ririmo mauri. Verenga shoko raMwari taura hupenyu kumuviri wako, taura nendimi unoona simba raMwari rekuraramisa zvinhu richiratidzwa mauri, uye unokunda rufu mumuviri wako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine hupenyu hwaMwari uhwo husingaparare uye honoraramisa mandiri. Ropa rangu rakagezwa hutachiona hwese, handina zvirwere kana hurema pandiri. Hurwere huri kubuda izvezvi. Hupenyu hwangu huzere nehutano uye simba raMwari riri kushanda mandiri! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 6:19-20



2 VaKorinde 1:20 (KJV)

Nokuti zvipikirwa zvaMwari kunyangwe zvakawanda sei, naizvozvo ndihongu naizvozvo naiyewo ndiAmeni, Mwari akudzwe nesu.

Baba vese vakanaka vanoda kuropafadza vana vavo. Bhaibheri rinoti muna Mateo 7:11 kunyangwe baba vanenge vasina ururama vanechido chekupawo zvipo zvakawanda kuvana vavo. Chowadi chiripo ndechekuyi Mwari vedu ndibaba vakanaka. Mukunaka kwavo uye kuburikidza nerudo rwavainarwo kwauri, shoko raMwari rinotivimbisa kuti Mwari ava vanotipa zvinhu zvese zvinenge zvakatinakira uye zvinenge zvichienderana neshoko ravo. Naizvozvo unofanirwa kuva nechokwadi chekuti Mwari vanokunzwa pese paunonamata, uye kuti vanodaira minamato yako.

Zvipirwa zvaMwari, zvipo zvaMwari kwauri. Ndiyo nzira yavanoratidza nayo rudo rwavo kwauri uye chido chavainacho kuti vakuropafadze. Uye pavanokupa, vanoupa

maringe nekugona kwavo. MuApostora Pawuro vakatema chirevo chekuti Mwari ndivo vanovapa zvese zvanoda pakurarama kwavo nepahushumiri hwavo. Mwari kana vave kukupa zvese zvaunoda pakurarama kwako, vanozviita maringe nehupfumi hwavo, huwandu hwezvavainazo uye nekunaka kwavo. Izvi zvakawanda kudarika zvaungakumbire kubva kwavari!

Bvumira kuti kunaka kwaMwari uye nekuvimbika kwavo kushoko ravo kuti kuwedzere simba pakunamata kwako. Ukaona chinhu mushoko raMwari icho chaunoona kuti chinokubatsira muhupenyu hwako, kana kuti ukanzwa chiporofita chinotaura pamusoro pehupenyu hwako. Iwe pakata chiporofita ichi wochoshandisa pese paunenge uchinamata. Kana uchinge wapedza kunamata wodaidzira kuti 'Ameni!' wosekereka, uchitenda Mwari uchinyatsoziva kuti vakutitira zvakawanda!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakapakata zvimvimbiso zvaMwari pamusoro pehupenyu hwan-gu. Ndirikusimukira ndichiendeswa pachinhano chepamusoro kudarika zvandange ndiri, Uye ndinokunda chete!

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 7:9-11; VaFiripi 4:19; 1 Johane 5:14-15



1 Petro 4:11 (NKJV)

Kana munhu achitaura ngaataure sekunge arikutaura mashoko aMwari.

Wakasiwa kuti ushande nemasaisai aMwari kutira kuti pese paunotaura, zvinaita sekunge Mwari pachavo ndivo venenge vachitaura. Mwari vanopa simba kumashoko aunotaura uye rurimi rwako rwunotaura zvinhu zvinoitika, zvichireva kuti unotaura zvinhu zvinoitika semuporofita waMwari (izwi raMwari). Bhaibheri rinotiudza kuti hakuna umwe kwatinofanira ktsvaga kuti tinzwe vachitaura kunyangwe una Jesu Kristu chaiye. Rinoti shokoraMwari riri pamuromo wako. Sakausamirire mumwe muporofita kuti ataure. Iwe ndiwe muporofita wemumba mako kubasa kwako babhizimusi rako, mumhuri yekwenyu uye nechero kwaunenge uri!

Haumbofa wakakundikana, kana uchinge uine shokko raMwari pamuromo pako. Usamirire kunzwa shoko rechiporofita richitaurwa nemumwe munhu pamusoro pehupenyu hwako. Ndiwe muporofita wacho anofanira kuti ataure. Shoko raMwari iri ririmumwoyo wako. Chakokungonzwisisa nekuziva chete kuti hakuna shoko raMwari rinowira pasi. Ziva kuti paunenge uchitaura shoko raMwari, ivo Mwari vanenge vachikoshesa mazwi aunenge uchitaura sezvo unenge uchiataura seizwi ravo. Saka gore rino, rekutika kwemianana isingaverengeki ita kuti izwi rako rinzwike. Pese paunikutaura shoko raMwari richibva mumukanwa mako, zvaurikutaura zvese zvichaitika.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura hupenyu kune zvese zvakafa muhupenyu hwangu! Vese vainditarisira pasi vachandikudza. Ndave kuita kuti muviriri wangu uve nehutano hwakanaka. Ndinotema chirevo cheuti mari yangu irambe ichiwedzerwa kusvikira yafashukira. Zvese muhupenyu hwangu zvirikugadziriswa zvichibudirira neuti shoko raMwari riri ushanda zvinoshamisa mandiri richikunda! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 10:6-8



2 VaKorinde 9:7 (AMPC)

Mumwe nomumwe ngaite sezvaakafunga pamwoyo, arege kuita nouchema kana nerovererwa nokuti Mwari anoda munnu anopa nemufaro

Mwari ane vanhu vake vaanofarira. Hongu anofida tese asi ane vamwe vanhu vaasingade kushaya uye unogona kunge uri mumwe wevanhu vakakoshera Mwari. Bhaibheri rinotiudza muna MuProfita Amosi 3:7 kuti Mwari haana chaanoita pane rino pasi, chaanenge asina kutanga achiratidza kune vamwe vevaProfita vake. Muvhesi redu ranhasi tirikuona Mwari vachioshesa munhu anopa nemufaro uyo anopa zvaare chiporipocho. Zvinozveva kuti kuprofitira nekupa zvinoonekwa nenzira yakaenzana nekuti Mwari vanokoshesa zvese.

Mubhuku re Mabasa avaApostora chitsauko 9, tinona paine mudzimai ainziDorcasi uyo akafa akadzozwa kuvapenyu.

Mudzimai uyu akange akakoshera kereke yake kuburikidza nekupa kwaaita zveuti rufu rwake rwakambodzimwa akadzozwa pane rino pasi. Kana ukava munhu anopa kuereke unozvisiyanisa nevamwe vatendi pamberi paMwari zvekuti unokunda rufu, zvirwere, nekushaya. SaKa munhu anopa anokosheswa zvikuru naMwari. Kana uri munhu anopa kubasa raMwari ndirikuda kuti pese Mwari paanenge achiita chinhu haavadi kundishaya!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mari iri kuuya kwandiri izvezvi! Mugore rino rekuitika kweminana isingaverengeke, ndichapa zvakadarikidza zvandinombosiita! Kupa kwangu kuchanyaradza mazwi ese erufu, kushaya nehurombo. Ndakachengetedzwa nekuti mbeu yangu iri kundimirira. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa avaApostora 9:36-41



1 VaKorinde 11:1 (NIV)

Nditevedzerei sekutevedzera kwandinoita Kristu.

Pane chakavanzika chinoita kuti Mwari vafarire kutaura neni nguva dzese uye nekugara vachitaura neni. Hazvikonzere nekuti ndiri muProfita kwete, kunyangwe zvangu ndiri muProfita. Chokonzero chinoita kuti vadaro ndechekuti vanoiti vakandipa shoko ravo, ndinoritaura. Handiongorore kuti vanenge vachitaura kuti chii. Usaongorore kuti Mwari vari kuti chii, nekuti chaunwana wabva kudaro iongororo yako chete. Asi unogona kuita sarudzo yekuita zvandinoita neshoko raMwari izvo zviri kundishandira. Sarudza kuti pese paunoverenga shoko raMwari, zvanenge vareva ndizvo, usapokane nazvo kana kuzvibvunzurudza zvazvinoreva. Kana Mwari vazvitaura ndizvozvo zvinoita sekutaura kwavo!

Ana Mwari vachitaura chinhu chikuru chaunowanisa kuti uite kuteerera. Zvisinei nezvinenge zvichiitika kwauri, kana Mwari vachitaura vanoita kuti zvisingaitike zviitike. Uye iwe ukateerera ukaita zvanenge vataura, unowana simba rakawanda! Mapinduriro anoita Mwari panyaya yako anogona kunge asiriwo aunenge uchitarisira, uye mafungiro avo anogona unge aasiyana nemafungiro ako pakugadzirisa zvinenge zvichikunetsa. Saka usaedze kushandisa huchenjeri hwako kana kuongorora zvanenge vataura. Usanyanyofungisisa, ingotevedzera chete zvinenge zvataurwa naMwari. Kunyangwe usati waona munana waunenge uchida, chero shoko raMwari riripo chete, ziva uti mamiriro ezvinhu muhupenyu hwako arikushanduka!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinonzwa kubva kuna Mwari uye pavanotaura ndinotevedzera zvanenge vanditi ndiite ndisina ubvunza. Chero Mwari vachirikutaura ini ndiri kubudirira!

MAVHESI EKUVERENGA

VaFiripi 2:5



BECOME A UAF PARTNER TODAY BY VISITING
WWW.UEBERTANGELFOUNDATION.ORG

UEBERTANGEL FOUNDATION





1 Samueri 3:1 (NKJV)

Zvino mwana Samueri waibatira Jehovha pamberi pake. Asi shoko raJehovha rakanga richinzwika kashoma pamazuva iwayo Jehovha akanga asingazviratidzi pachena.

Mumwe mutambi wemafirimu wekuAmerica anonzi Denzel Washington, uyo anozivikanwa zvikuru nenyaya yake yekusawadzana nevamwe vatambi ve Hollywood munzvimbo dzavanosangana akati achibvunzwa pane chimwe chirongwa kuti sei asingagarewo achionekwa munzvimbo dzemafaro sevamwe. Akapindura akati ukasangana neni nemusi weChitatu haubhadhare mari yako kuti uyeye kuzondiona pafirimu nemusi weMugovera." Ainzwisisa kuti ukagara uchingonekwa unozvidzikisira kukosha kwako.

Zvinhu zvinenge zvisingakoshe zvinowanikwa pese pese, asi zvisingaonekwe onekwe zvinhu zvakakosha. Mari irikutsvaga

kuti iwanikwe nevanhu vakakosha. Zvimoreva kuti, kuti hupfumi huuye kwauri, kune vanhu vausingafanirwe kuwadzana nayo uye kune nzvimbo dzausingafanirwe kuwanikwa uri. Haungagare pedyo nemapere washamisika kuti mbudzi dzako dziri kupedzwa nei. Rega kungo onekwa onekwa pese pese. Kana uri pasi, unenge wakamanikidzana neruzhinji saka shandira kusimudzirwa uende pamusoro pasina vakawanda!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mugore rino rekuitika kweminana isingaverengeke ndinosarudza kudhura handionekwe onekwe!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 2:9

**Johane 8:10-11 (KJV)**

Jesu ndokusimudza meso asinga one munhu asi mukadzi uyu akati kwaari vanga vachikupomera mhosva varipiko. Hakuna Vakutonga here Iye akati Hakuna Ishe Jesu akati kwaari neniwo handikupi mhosva Enda hako usatadzazve.

Munyaya iri muvhesi redu ranhasi tinoona vaFarisi nevamwe varairidzi veshoko raMwari vasunga mumwe mudzimai, aipihwa mhosva yekuita cheupombwe. Vakamuzvuya vakamuisa mumugwagwa, asina kupfeka vachimunyadzisa. Asi vakapotsa apo vakamuunza una Jesu vachida kuti atonge mudzimai uyu. Vaitarisira kuti achatuka mudzimai uyu otongerwa rufu. Chavasina kuziva ndechekuti pese panopirwa Jesu nyaya, panowanikwa nyasha.

Apo Jesu akaudza mudzimai uyu kuti aende hake uye kuti asatadze zvakare

akange asingamuraira kwete asi kuti aitomupa nyasha. Kana Jesu akauya muhupenyu hwako nyasha dzinobva dzauyawo naye. Kana wawaniirwa nyasha hazvikupe rezinesi rekuti uenderere mberi uchitadza. Jesu akadziima zvitadzo zvako zvese, uye akakupa simba rekuti usapihwe zvipomerwa newakaipa. Apo vanhu vanokupomera mhosva uye kana mwoyo wako uchikupomera, nyasha dzaMwari dzinokurwira. Gara uchiverenga shoko raMwari. Paunenge uchidaro nyasha dzinenge dzichiwanzwawo muhupenyu hwako. Ana paine paunenge uchinetskana napo muhupenyu hwako, tora bhaibheri wotsvaga mavhesi anotaura pamusoro pezvaunenge uchisangana nazvo, wogara urimukusunungurwa kunounzwa nenyasha!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Zvitadzo zvangu zvese zvadzimwa. Handisisiri mutadzi, nekuti ndaponeswa nenyasha. Ndiri chisikwa chitsva chinowana simba munyasha dzaMwari! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

Johane 8:1-11

**Mapisarema 119:130 (KJV)****Mashoko enyu anonunza chiyedza;**

Kamera ibhokisi rakagadzirwa kutapa chiyedza. Inoita seziso remunhu . unofanirwa kuti ubwaire kuti uone, uye chiyedza chinopinda muziso rako paunobwaira ndicho chinokubatsira kuti uone zvakanaka. Mweya wako unorarama nechiyedza chinopinda mauri, uye shoko raMwari rakaunzirwa kuti ripe chiyedza Ikumweya wako. Nyika yemweya inokoshesa chiyedza chinenge chiri mukati memunhu.

Shoko redu ranhasi rinoti kupinda kunoi-ta shoko raMwari mumweya wemunhu kunounza chiyedza maari. Zvinoreva kuti pese paunoverenga nekufunga pamisoro peshoko raMwari, chiyedza chinopindawo mauri kuzovheneera hupenyu hwako. Tombopa muyenzaniso, kana uchirwara verenga magwaro anoenderana nekuporeswa pahurwere kana pamusoro pekuva nehutano hwedenga.

Paunenge uchidaro chiyedza chirimushoko rekuporeswa chinopinda mukati mako, chosika kuporeswa uye nehutano zvaunenge uchida kuti zviitike kwauri. Ana uchitsvaga mari ramba uchingoverenga pamusoro pemari, chiyedza chiri pamusoro pemari pachinopinda mauri inobva yauyawo kwauri. Chipi nechipi chaunoda muhupenyu hwako chinouya kuburikidza neshoko raMwari, saka ita kuti mweya wako uzare neshoko raMwari usike hupenyu hwaunoda!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotema chirevo chekuti maziso angu azaruka kuti ndione zvishamiso zvichitika muhupenyu hwangu! Muviri wangu uri-kuenderana nechiyedza chirimushoko raMwari izvezvi! Zvinhu zvandinenge ndisina muhupenyu hwangu ndichatanga kuona ndiinazvo pamweya ndozwiwana nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Zvakazarurwa 3:18

**Mapisarema 87:5-6**

Zvirokwazvo pamusoro peZiyoni vachati uyu nouyu vakazvarirwa mo. Naiye wokumsoro soro amene ucha risimbisa. Jehovha uchaverenga pakunyora kwake ndudzi achiti munhu uyu akazvarirwa ikoko.

Paunongotambira Kristu satenzi nemuponesi wehupenyu hwako unobva watonoyoreswa semugari wegomo reZiyoni. Unogona kunge uri chizvarwa chekulandia, America Botswana chero ipi zvayo nyika, asi paunongotendeuka unenge wave chizvarwa chekudenga, Mwari vanonyoresa zita rako muguta ravo. Semugari wekuZiyoni, unezvaunowana zvakadarika chero chipi chinhu chaungawaniswa pane rinopasi. Hautombofanirwe kumirira kubvutwa kwevatendi kuti uzviwane zvinhu izvi; unokwanisa uto zviwana izvezvi.

Bhaibheri rinotiudza kuti chimwe chezvipopo zvekuva nhengo yeZiyoni, kufanogara uchiwana zvinowanikwa kunyika irikutevera. Zvimoreva kuti unowanisa kunzwa, kuwana nekunairwa nezvinowanikwa kuZiyoni uchiri pane rino pasi. Kugomo reZiyoni hakuna anofa, hakuna anorwara, uye paunongofunga chete nezve nyika iyi unobva watoendeswako. Munyika iyi munowanikwa hupfumi zvekutoti unenge uchifamba pamusoro pegoridhe nekuti rinenge richiwanikwa pese pese. Uyu mucherechedzo wesimba riri kuuya. Chitanga kubvira nhisi utora chinzvimbo chako semugari weZiyoni uchishandisa simba rezviri kuuya.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimunyika yeZiyoni! Ndakasiya nyika yepasi uye handichadzoke mairi! Iye zvino ndave kurarama nekutapirirwa nezvandinofanirwa kuwana semugari wekuZiyoni. Handirware. Hakuna mapepa anondimisa kana kundikanganisa kana ndichida kufamba, uye hakuna mamiriro ezvehupfumi enyika anokanganisa hupfumi hwangu!

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 6:5; Isaiah 33:24

**VaHebheru 11:1 (KJV)**

Zvino kutenda ndirwo rwusimbiso rwezvinhu zvatinatorisa nechiratidzo chezvinhu zvatisingaone.

Wakambocherechedza here kuti pane paunombofunga kuti urimunhu anofanirwa kunge achityaira motokari yerudzi rweLamborghini kunyangwe usina mari mubhanga rako yekutenga nayo motokari yakakosha kudai. Pamwe pachu unogonakuti uchipfuura nepaneimba yakanaka yemudurikidzanwa unonzwa kunge imba iyi dai iri yako?. Ukanzwa uri munuu anoda zvinhu zvinenge zviri kure newe, usazviisure kuti sei uchifunga zvakadaro. Zvaunonzwa mukati mako ndicho chokwadi chezvinofanirwa kuwanikwa zvichiitira muhupenyu hwako. Ndizvo zvinoratidza zvinodiwa naMwari kuti unge uinazvo.

Kuva neKutenda ndiwo magariro anoita vakapfuma uye vainemuurumbira muna

Kristu. Bhaibheri rinoti kutenda ndirwo rwusimbiso rwezvinhu zvatinatorisa, nechiratidzo chezvinhu zvatitsina muhupenyu hwedu. Kuva chiratidzo zvinoreva kuti kunyangwe usina chinhu izvezi asi tarisiro yako yeuti uchava nacho inoita kuti zvaurikuda muhupenyu hwako zvinepo. Ndombopa mucherechedzo wechisikwa chinonzi Tyrannosaurus rex. Pandinenge ndichitarisa nezvacho, ndinobva ndasangana nemapfupa acho. Zvinoratidza kuti chisikwa ichi chiripo zvechokwadi. Pakare ipapo unobva wanzwa mufinhimira wemabhana ngana wonzwa mutsindo, pasi podengenyeka wobva watoona chisikwa ichi chavapo zvechokwadi. Ndine ngendisade kona chiratidzo chemhuka iyi nekuti inenge yatovapo zvechokwadi sakandinobva ndarasa mapfupa aye andambenge ndiinawo! Zvaunonzwa mauri zvido netarisiro izvo zvaunonzwa zviratidzo zvezvinhu zvaunofanirwa kuti unge uinazvo muhupenyu hwako. Usarase kutenda kwako kusviira wabata chaurikushuvira uti uwane muhupenyu hwako. Hupfumi hwauri kuda uhwu, hutano hwakanaka mhuri yaanaka nebhizimusi raunoda unozviwana nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotema chirevo nezirta raJesu kuti mari irimubhanga rangu yakawandisira. Mari irikuuya uye ndinorarama hupenyu hwevakapfuma vaine mukurumbira munaKristu!

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 10:35-36



Mapisarema 102:13 (KJV)

Imi makasimuka mukanzwira Ziyoni ngoni Nokuti nguva yavapo yokurinzwira tsitsi zvirokwasvo nguva yakatarwa yasvika.

Panekupotsa kwakakura kwaunogona kuita kwekufunga kuti pfuma yaMwari yakanzi inouya muneremangwana muhupenyu hwako. Bhaibheri rinotiudza muna 2 VaKorinde 1:20 kuti zvivimbiso zvaMwari ndihongu naAmeni bhaibheri harisikuti zvichazove kwete asi ririkuti maropafadzo aMwari titori nawo, Mwari vakatobvuma kare kuti tivenawo maropafadzo aya. Zvinoreva kuti maropafadzo ako ndea izvezvi!

Mwari vakakusgadzirira kuti uve mupfumi iwe usati watmboziva kuti kune chinhu chinonzi kupfuma. Unziva here kuti ubwina kwaMwari unoonekwa nenyia ino kana iwe uri mupfumi? Apa ndipo panooneka kusiyana wawakaita semwana

waMwari neavo vasingamuzive. Mwari vanodisira kuti uvemudyi wepfuma yavo uye kuti udye nhaka yavo, kwete munyika iri kutevera asi pane rino pasi, uye hazvifanire kutora nguva kuti zviitike zvinotofanira kuitika izvezvi! Saka wedzera shoko mukati mako riri maererano neopuma nehupfumi hwawakapihwa naMwari. Tema chirevo pamusoro pehupfumi pamusoro pehupenyu hwako, uye ubva watora pfuma yacho izvezvi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kuwedzera kwese kwandinoda ndakatokupihwa. Hupfumi hwandakanamatira kuti ndive nahwo ndave nahwo. Maropafadzo angu ari ufachukira muhupenyu hwangu nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 118:25; 35:27

**VaFiripi 4:13 (AMPC)**

Ndingaite zvose naiye anondipa simbaKunyangwe zvakadaro makaita zvakanaka zvamakasangana neni pakutambudzika wangu.

Kune chinhu chimwe chete chinofanirwa kunge chichikutandanisa semwana waMwari, uye aya maropafadzo, hupfumi rugare nekuwanda kwezvinhu. Hazvibvumidzwe uye iwe hauvumidzwr kutaura kuti zvinhu zviri kukunetsa. Zvaunotaura nemuromo wako hazvifanire ukonzerwa nemamiriro anenge akaita zvinhu muhupenyu hwako. Rangarira kuti chakakosha muhupenyu hwako hazvisi zvinhu zvinenge zvichiitika kwete asi zvauri ndozvakakosha.

Uri muna Kristu, simba remasimba ose asina chinomumisa! Bhaibheri rinoti wakakwana mukukwana kwake. Kana uri maari hapana chinokumisa! Unobvisa mako-

mo! Unoparadza chese chinenge chichida kumira pamberi pako! Enderera mberi uchingotema zvirevo, zvisineyi nemamiriro anenge aaita zvinhu muhupenyu hwako. Zvisineyi nekuoma kunenge kwakaita zvinhu unyangwe pasisina tariro. Ziva kuti iwe ndiwe urikutonga uye kuti zvese unogona kuzvigadzirisa.haunetseke pamusoro pemamiriro anenge akaita zvinhu! Ramba uchitaura shoo raMwari, unopupura chete mugore rino rekuitia iiweminana isingaverengeke!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kutema chirevo chekuti hapana chinhu chinoitika muhupenyu hwangu chinondinetsa! Zvimhunga mupinyi zvese zvinonditeerera! Ndinoparadza madhimoni ese akamboedza kukanganisa hupenyu hwangu izvezvi! Ndinotaura kuwanda kwezvinhu muhupenyu hwangu, nezita raJesu! Hapana anogona kundimisa Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 2:14

**Markoo 11:23-24 (KJV)**

Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, mumwe nomumwe anoti kugomo iri simudzwa ukandwe mugungwa asinga nyunyuti asi achitenda kuti zvaanoreva zvichaitika achava nazvo. Saka ndinoti wamuri zvinhu zvose zvose zva-munonyengeterera nokukumbira tendai kuti munazvo mugova nazvo.

Mwari vanofarira zvikuru kuona zvido zve-mwoyo wako zvichizadzikiswa. Chokwadi ndechekuti vanoita zvikuru kudarika zvatinenge takumbira kana kutarisira. Mwari vanoziva zvakare kana uine zvaunenge uinazvo mumwoyo mako zvaunenge uchida kuti zviitike, asi usina kuzvitaure nemuromo wako, Ukanzwisisa zvandiri kutaura unonakidzwa nekunamata! Unobva watanga kunamata uine chokwadi chekuti baba vekudenga vanofarira uku-pa zvinhu zvakana.

Ukaziva zvinodiwa naMwari hauite zveku-fungidzira paunenge uchinamata. Uye kuda kwavo unokuwana mushoko ravo. Zvese zvirii mushoko raMwari kuda kwavo uye ana ukanamata uchizvitaure vanozviita zvobatsira iwe. Saka haunetseke nekufunga kuti Mwari vachapindura munamato walko here. Hatinamati kuti tiwane as tinonamata nekuti zvese tinazvo. Hatipupure zvatininge tichida kubva kuna Mwari asi tinotema zvirovo zvinotaura kuti zvese zvatinoda tinazvo muna Kristu. Bvumira kuti chokwadi ichi chiwedzere moto kkuinamato yako. Swedera pachigaro chaMwari uine chokwadi chekuti zvese zvaunoda vakatokupa kare!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndagamuchira nhau dzinonakidza. Hamadzangu dzatendeuka. Mari yangu iri kuwedzera Hurwere huri kubudam Hupenyu hwangu huri kutoshanduka. Ndinotema chirevo kuburikidza nesimba riri muna Mweya Mutsvene kuti zvese zvandinoda ndinazvo!

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfeso 3:20



1 Samueri 19:24 (KJV)

Akabvisawo nguwo dzake akaporofita pamberi paSamueri, akavata pasi asakafuka zuva iro rose nousiku uhwo hwose Naizvozvo vanoti Sauro uri pakati pavaporofitawo here?

Tirikurama pamazuva ekuti kereke yaMwari irikupedza nguva yayo ichingotaura nekunamata pamusoro pezvituo zvakaitswa mumhuri pane kuti ivake maropafadzo edzinza. Kune vatendi vakawanda zvikuru vanopedza nguva yavo vachiwadzana nevanhu vanotaura zvisingavake pane kuwadzana neavo vanoita kuti hupenyu hwavo hukomborerwe. Wakamboongorora here vanhu vaunoshamwaridzana navo uti vanehunhu hwakaita sei sezvo bhaibheri richiti muna 1 VaKorinde 15:33 kuwadzana neshamwari dzakaipa kunokanganisa hunhu hwakanaka?

Kune simba rinowanikwa pauwadzana neshamwari yakanaka. Muvhesi si tinoverenga pamusoro paSauro.

redu ranha- Panguva yatiri uverenga nezvake akange achinetswa nemweya yetsvina zvikuru sei mweya wekuzvikudza, uye nekuda kudzorera. Asi ave muhovepo hwamuporofita Samueri, zvakaitsa sekunge Mwari vakambosiyana nehupi hwaange ainahwo mumwoyo make, zvikaonzerwa kuti Sauro aporofitewo nemamwe maporofita. Avo vaiziva hutsinye hwakange huina Sauro vakakatyamadzwa nazvo zvekutoti vakatobvunzana kuti, “Hezvo, ko Sauro avemukati mavaporofitawo here?”

Ukaita mushandira pamwe nemunhu ane hunhu hwakanaka, uchizvininipisa nekuzviisa pasi pake, nyasha dzinenge dziri pamusoro pake dzinouyawa pauri. Unenge wave kukwanisa ushandisa nyasha dzinenge dziri pamusoro pavo. Nyasha idzi hadziunzwe nekuti uri munhu akanaka wete asi dzinounzwa nekuti unenge wawadzana navo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndichasimukira muhupenyu hwangu kuburikidza nenyasha dziri pamusoro pevandinowadzana navo! Ndinoona kudarika zvinonekwa nevamwe. Ndinonzwa zvakadarikidza uye zvinoitika kwandiri zvikuru nezita raJesu! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Samueri 19:19-24; VaFiripi 1:7



Zvakazarurwa 12:11 (KJV)

Vakakunda Neropa regwayana neshoko rekupupura kwako.

Paunopupura pese unenge watumira mashoko. Mashoko aopa humboo hwekuti unenge waona kunaka kwaMwari muhupenyu hwako kunyangwe zviri zvinhu zvinenge zvaitika muchidimbu muhupenyu hwako. Semuenzaniso mubhuku raMarko Chitsauko 8, tinoona paine bofu rakanzwa kuna Jesu kuti arisvinudze. Jesu paakapedza kumunamatira murume uyu akawana kuporeswa kwake muzvidimbu zviviri. Pekutanga aitadza kunyatsoona vanhu zvakanaka asi akapupura kuti aange avekuona. Pechipiri akazonatsoona ndokubva apupura zvakare.

Kupupura wako kunoita kuti ukunde. Ongorora kuti vhesi redu ririkuti vakakunda nekupupura. Vara rinoti kupupura rinoshandiswa zvikuru nemaporofita, uye rinoreva zvinhu zvinenge zvichazouya.

Uku ndiko kunonzi kupa nekutenda. Hatiyeri zvinhu zvemweya kuburikidza nezvatinoona nemeso enyama. Tinoambira nekutenda kuti zvinhu zvinenge zvaitika mumweya zvatonatswa uye kuti zvichaitika panyama.

Zvakafanana nezvinoitika paacheche kuti paanenge kachizvarwa hatimirere kupemberera kaberekwa asi tinopemberera chinhano chese usvikira aberekwa. Zvimwe chetezvo kana wanamatirwa kuti upore, haumirire kuti uwane tsamba yachiremba inotaura kuti wapura, paunongowona paita musiyano unobva wato pupura nekuti unenge wave kuziva kuti wakutopora. Saka enderera mberi uchipupura munana wako. Ramba uchirumbidza Mwari kunyangwe wakaipa aedza nepese paanogona napo kurwisa munana wako, uwe ramba uchipupura pamusoro pemunana wako. Unoona wapura!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kuporeswa ndekwangu nhasi. Mwari vatumira shoko ravo uye simba ravo rekundiporesa rirkufamba famba mumuviri wangu wesey. Ndinogamuchira kuporeswa wangu izvezvi uye ndiriku-pupura pamusoro pekunaka kwaMwari!

MAVHESI EKUVERENGA

Marko 8:22-25

**Mateo 13:24-25**

Wakaisa pamberi pavo mumwe mufananidzo achiti hushe hwekudenga hunofananidzwa nomunhu wakakusha mashawi pakati pezviyo akaenda.

Pane mhando yekurara kunounza pundutso muhupenyu hwemunhu, uye kurara kunokonzeresa kurasikirwa nekushaya. Shoko raMwari riri kuti kune mhando yekurara nayo inokonzeresa hurombo, zvekuti hunokutevera uye kunokonzeresa kushaya. Zvinhu zvinenge zviriri zvechokwadi munyama ndizvo zvinenge zvichiitika munyika yemweya. Muvengi anoita madiro newe kana urere pamweya.

Muvengi anouya kana wakarara pamweya. Kana wakarara pamweya zvinoratidza kusakoshesa zvinhu zaMwari. Ukaenderera mberio wakadaro unenge wakarara mumweya. Kana uchikoshea zvinhu zvepano panyika usingaoshese zaMwari unenge wakarara pamweya.

Paunovhara wachi inenge ichikumutsa kuti unamate, unenge wakarara pamweya.

Nguva uekti uchimuka yakwana! Bhaibheri rinoti usatendere Mwari kuti adzoke agokuwana wakarara muna Markoo 13:36. Zviri jwauri kuti uite sarudzo. Ndinokukurudzira kuti ugare uchiverenga shoko raMwari nguva dzose. Paunotanga kuita chinhu chakanaka usaurumidze kunorara. Ramba kubvumira muvengi kuti aite zvaanoda nehupenyu hwako. Kana wave neshoko raMwari mauri unobva wava nechiyedza chaawanda mauri icho chinokonzeresa kuti usawanikwe urere pabasa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kumuka! Ndine simba rekawanda rekugadzirisa zvese zvakananganisika mudzinza rangu. Ndirikushandura mafungiro anoita nyika dzakawanda. Ndinobvisa zvese zvirikuda kundimisa nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 6:10-11; Marko 13:34-37



Zvakazarurwa 19:15 (KJV)

Mukanwa make makabuda bakatwa rakange rakapinza,

ZJohane akange aripachitsuwo chePatmos apo aawana chizaruro chinoshamisapamusoro palshe Jesu, shoko raMwari. Mukanwa malshe Jesu maibuda bakatwa raanga raapinza uye richikurimudza kuchdea. Vara rekuti muromo riri muvhesi iri rinonzi 'stoma', nechigiGiriki uye zvinoreva 'kumuromo kwebakatwa'. Muna vaHebheru 4:12 tinonzwa zvichinzi shoko raMwari ibenyu uye rizere esimba richipinza kudarika baatwa rinocheka paviri. Saka zvinoreva uti fine miromo inotsanangurwa mushoko raMwari yakapinza kudarika bakatwa rinocheka paviri.

Bhaibheri rinotiudza muna 1 Johane 4:17 kuti isu takafanana naJesu: 'se zvaari ndo zvatiri mune rino pasi, Zvinoreva kuti muromo wako ibanga. Kana uine shoko raMwari uye uchiritaura unenge uine zvese

zvinodikanwa kuti uteme teme zvese zvaunenge usingade kuona muhupenyu hwako. Paunenge uchitaura unenge uchiisa chinhu chese panzvimbo chacho. Shoko raMwari rimumukanwa mako rinoshanda uye rizere nesimba uye rakapinza kudarika banga rinoshandiswa nadhokotera. Saka kana uchinge wasangana nedambudziko rinoita kunge rakakurisisa, shandisa shoo riri mumukanwa mako. Usanyarare taura uchishandisa zvombo zvakapinhwa naMwari, wotema zvirevo pamusoro peremangwana rako kuti richavei. Shoko raMwari rinobuda mumukanwa mako rinogadzirisa chero ripi dambudziko rinenge riri muhupenyu hwako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kudimbura zvikwereti zvese zvandiinazvo muhupenyu wangu! Chip nechipi chirikukura mumuviri wangu chirikubva chichipera uye hachidzoke. Muhupenyu hwangu ngamuitika minana uye nemasho andiri kutaura ndirikuzvigadzirira mikana ichanditungamirira kuhupfumi hwangu!

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 4:12; 1 Johane 4:17

**VaHebheru 13:5-6 (KJV)**

...Nokuti iye amene wakati Handingatongokuregeri handingatongokusiyei. Naizvozvo finotsunga mwoyo tichiti ishe ndiye mubatsiri wangu handingatyi Munhu angandiitei

Chiporofita hachikupe munana asi chinosisudza chiyero chekutenda kwako. Chinaita kuti uve nekutenda kkwanyanya. Shoko rinobuda richiuya kwauri iwe woritambira woriita rako ndiro rinounza munana wako. Simba rinouyawo kuburikidza nekutenda kwao kunenge kuchisimukira mauri. Hazvikwane kkuti ukanzwa shoko wotenda mariri chete. Unofanira kutora matanho ekuti munana wako uitike.

ChiKristu mashoo anotaurwa. Vhesi redu ranhasi ririkutizivisa kuti Mwari wedu anotaura. Kubva ubhuku raGenesisi kusvia kune Zvakazarurwa, Mwari vanenge vachingotaura chete, Havangotaura chete kwauri usina zvaunenge uchiita,

Newe unofanirwa kunge uchitaurawo. Vhesi redu riri kuti tinofanira kuti vakati.... Kuitira kuti nesu titi...'. Saka kana Mwari vataura newe vane tarisiro yekuti newewo unodzoka kwavari uchitaurwo zvanenge vataura. Ndizvo zvatinoreva kana tichiti pupura kutenda kwako. Saka taura shoko pamusoro pehupenyu hwako, muviri wako mhuri yako nezvese zvine chekuita nehupenyu hwako. Pemberera! Shoko rinoshanda!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri zvandinozni ndiri. Ndirikubwinya kwaMwari, mukombe wenyasha dzavo. Ndiri nzvimbo inogara Mwari uye ndinotakura huvepo hwavo kwese kwandinoenda! Pamunondiona munoo-naJesu! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 4:13

**Johane 2:5 (KJV)**

Amai vake vakati, Itai zvaanokuudzai kuti muite.

Bhaibheri rinoti muna VaRoma 10:17 kutenda kunouya nekunzwa shoko raMwari. Asi zviyero zvevanhu zvekutenda zvakasiyana siyana. Kune kutenda kunoratidza kuvapo kwechinhu. Kune kutenda kunokonzera kuwanikwa kwezvinhu, kwozova nekutenda kunochengetedza zvinhu zvauinazvo. Kune kutenda kunotevera rudzi nekuti bhaibheri rinoti, 'vakarurama vanorarama nekutenda.' (VaRoma 1:17, KJV). Kune kutenda kunowanikwa kuburikidza neshoko raMwari, nekuti shoko raMwari rinoti tinofanira kuvavarira kuva nekutenda kwakakaita sekwakange kuine vatsvene vakatitangira. Kwozoti kune kutenda kunongouya kwega munhu akarivara.

Kana kutenda kwave kuuya munhu akarivara kunenge kwafanana nekufema.

Haunachanofunga, kushandira kana kufunga nezvazvo. Ndikokutenda kwakange kuina Ishe Jesu. Ndosaka mudzimai akange aine chirwere chero-pa paakabata mukombero wembatya dzaJesu akabva aporesswa, simba rabuda muna Jesu zvakange zvisina mvumo yake. Kana kutenda kwako kwakungogara kuripo mauri, uye wave nerudo rwaMwari wave kutevera Mwari nemwoyo wako wese, simba raunenge wave naro mauri, rinenge rawandisa. Kutenda kana kwakugara kurimo mauri haumirire kuti utaure. Kunongoshanda kwega. Kana uchida kuva nekutenda kwakadai ingoteerera zvese zvinenge zvichinzi naMwari uite woita saizvozvo, zvinhu zvinotanga kuitika muhupenyu hwako. Chiwedzera kutenda kwakko kuende pane chimwe chiyero. Ita shungu nako, unoona kwave kuituika minana!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mugore rino rekuitika kweminana isingaverengeke, kutenda kwangu kurikusimukira kuchiyenda pachiyero chepamusoro. Simba ririkubuda kubva mandiri. Ndiri waJesu nemwoyo wamgu wese, uye ndinoita zvese zvaanenge anditi ndiite!

MAVHESI EKUVERENGA

Luke 6:19; 8:46

**Marko 7:34-35**

Ipapo akatarira kudenga akagomera akati kwaari Effata, ndokuti Dzivuka. Pakarepo nzeve dzake dzakadzivuka chisungo cherurimi rwake chakasununguka akataura zvakanaka.

Isusu ndisu tinotaura kuti mwedzi utiunzire zvatinoda uye ndisu tinotema zvinouya nemwedzi wacho. Kune vara randiri kukupazvevzi raunogona kushandisa muneremangwana rako kuti uronge zvaunenge uchida kuona zvichiitika kwauri, rinonzi – *effta!*

Effta ivara rakangoshandiswa kamwe chete mubhaibheri. Rinomiririra kuitika kwechinhu chiriporipotyo, kana kuti ipapo ipapo. Paunongotaura vara iri rekuti Effta unoona zvinhu zvese zvangopidigua muhupenyu hwako sezvazvakaita apo murume akange ari mbeveve akabva atanga kutaura nekunzwa parakataurwa!

Mwedzi uno wakamirira kunzwa mashoko anobva kwauri. Chii chauri kuda kuti chiitike muhupenyu hwako kana kuwana mwedzi uno? Une hama here yaurikuda kuti isunungurwe kubva kune zvinodhaka kana yaunoda kuti isunungurwe kubva mujere here? Unecontract kana bhizimusi rauri kuda here? Wagara kwenguva yakareba uchirwara here.....? Mari yako yakavharirwa here mumabhanga evakaipa? Nguva yako yakwana. Nhasi izuva rako! Simuka uteme chirevo kune chese chakambokudzosera mumashure. Pachaita zvibereko munzvimbo dzese dzange dzava gwenga muhupenyu hwako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hakuna wemhuri yangu arikuzofa mumwedzi uno. Hurwere hausi kuzoenderera mberi huchitevera rudzi. Ndirikutaura kuwanda kwevanoda zvandiinazvo uye kuva nedzimwe pfungwa dzemabhizimusi andinokwanisa kuita. Ndinusunungura macontract, matender mavisa, nemari, ndinusunungura nzvimbo nenhaka kuti zviuye kwandiri. Mwedzi wangu wavhurika nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA : Marko 7:32-35



HAVE YOU RECEIVED JESUS CHRIST YET?

WE INVITE YOU TO MAKE JESUS CHRIST
THE LORD OF YOUR LIFE BY PRAYING THIS PRAYER;

"O LORD GOD, I COME TO YOU IN THE NAME OF JESUS CHRIST. I BELIEVE WITH ALL MY HEART IN JESUS CHRIST, SON OF THE LIVING GOD. I BELIEVE HE DIED FOR ME AND GOD RAISED HIM FROM THE DEAD. I BELIEVE HE'S ALIVE TODAY. I CONFESS WITH MY MOUTH THAT JESUS CHRIST IS THE LORD OF MY LIFE FROM THIS DAY. THROUGH HIM AND IN HIS NAME, I HAVE ETERNAL LIFE; I'M BORN AGAIN. THANK YOU LORD, FOR SAVING MY SOUL! I'M NOW A CHILD OF GOD. HALLELUIAH!"

CONGRATULATIONS! YOU ARE NOW A CHILD OF GOD.

TO RECEIVE MORE INFORMATION ON HOW YOU CAN GROW
AS A CHRISTIAN, PLEASE GET IN TOUCH WITH US ON

UK: +44 3333 448 612

USA +1 240 781 6942

RSA +27 51 004 0209

SCRIPTURE PASSAGE FOR PROTECTION

ISAIAH 54:

14 I AM BUILD SOLID, GROUNDED IN
RIGHTEOUSNESS,
FAR FROM ANY TROUBLE—NOTHING TO
FEAR!
FAR FROM TERROR—IT WON'T EVEN COME
CLOSE!

15 IF ANYONE ATTACKS ME,
I WILL NOT THINK FOR A MOMENT THAT
GOD SENT THEM,
AND IF ANY SHOULD ATTACK ME,
NOTHING WILL COME OF IT.

16 GOD CREATED THE BLACKSMITH
WHO FIRES UP HIS FORGE
AND MAKES A WEAPON DESIGNED TO KILL.
HE ALSO CREATED THE DESTROYER—

17 BUT NO WEAPON THAT CAN HURT ME
HAS EVER BEEN FORGED.
ANYONE WHO ACCUSES ME
WILL BE DISMISSED AS A LIAR.
I AM GOD'S SERVANT SO THIS IS WHAT I CAN
EXPECT
GOD WILL SEE TO IT THAT EVERYTHING
WORKS OUT FOR THE BEST FOR ME."

THIS IS WHAT GOD SAYS TO ME AND
IT WILL NOT FAIL IN JESUS'S NAME!



TheGoodNewsWorld Helplines

USA: +1 (240) 781-6942

UK: +44 333 344 8612

RSA: +27 (51) 004-0209

www.goodnewsworld.com